# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

स्वदेसी रक्षा क्षमता क जायजा लेवे बदे रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आजु कानपुर में फील्ड गन फैक्ट्री क निरीक्षण कइलें। ओइजा उहां के धनुष, सारंग गन अउर इंडियन फील्ड गन आ टी–90 टैंक क बैरल के बनत देखलीं अउर उनके गुणवत्ता क जनकारी लिहलीं। येहसे पहिले कानपुर पहुंचले पर संवाददाता से बातचीत में रक्षामंत्री कहलें कि पहिले क तुलना में आतंकी घटना में बहुते कमी आइलि हौ। बाकिर जौनो घटना भइल हौ ऊ दुर्भाग्यपूर्ण हउवे। सेना एकर जबाब दे रहलि हौ सुरक्षाबल पुरहर सजग हौ। भारत–चीन सीमा पर दीपावली के मौका पर मिठाई बटले के सवाल पर रक्षामंत्री कहलें कि भारत अपने सज्जों पड़ोसी देसन से निम्मन संबंध बनवले रक्खल चाहत हौ। रक्षामंत्री कानपुर में आईआईटी क पैंसठवां स्थापना दिवस समारोहों में हिस्सा लिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सबेरे गोरखनाथ मंदिर में जनता दरसन कई के करीब दुइ सौ लोगिन क समेस्या सुनलें आ जुरते अउर संतुष्टिपरक समाधान क भरोसा दिहलें। येह बिच्चे उहां के लोगिन से कहलीं कि सरकार हर पीड़ित के समेस्या क समाधान करावे बदे दृढ़संकल्पित हौ। जनता दरसन में मुख्यमंत्री अधिकारी लोगिन के निरदेस दिहलें कि हर मनई क समेस्या के संवेदनसीलता के साथे सुने अउर ओकर समाधान सुनिस्चित करें।

**********

केन्द्रीय युवा कार्यक्रम अउर खेल मंत्री डॉ0 मनसुख मांडविया युवा लोगिन क आहवान कइलें हवे कि ऊ लोगि प्रतिष्ठित राष्ट्रीय युवा पुरस्कार 2022–23 बदे आवेदन करें। ये महिन्ना क पनरह तारीख ले आवेदन कइल जा सकेला। ई पुरस्कार पनरह से ओनतीस बरिस के उमिरि क व्यक्तियन अउर संगठनन के विकास अउर समाज सेवा के विभिन्न क्षेत्रन में उत्कृष्ठ कार्य अउर जोगदान बदे दिहल जाला। दुई हजार बाईस–तेइस क राष्ट्रीय युवा पुरस्कारन बदे आवेदन गृह मंत्रालय क पुरस्कार पोर्टल के जरिए आमंत्रित कइल गइल हौ।

**********

प्रयागराज में आयोजित होखे वाले कुंभ महापरब बदे जिला नगर प्रवेस अउर भूमि पूजन बिहने होई। येह मौका पर देस–विदेस से आइल संत प्रयागराज में प्रवेस करिहें। नगर प्रवेस जतरा रामापुल से सुरू होके मौजगिरिश्री पंच दशनाम अखाड़ा ले जाई। येह मौका पर कुंभ महापरब के समय कउनों तरह का विघिन न आवे देवे बदे पंच दशनाम जूनागढ़ अखाड़ा की ओरि से सनिदेव, यमुना अउर धरमराज क पूजन कइल जाइ।

**********

त्योहार क मौसम के देखि के भारतीय रेलवे लोगिन के आवाजाही क सुविधा बदे कई कदम उठवले हौ। येह क्रम में कई रेल गाड़ी चलावल जा रहलि हौ। लखनऊ मंडल में यात्रियन क सुविधा बदे कउन–कउन कदम उठावल गइल हौ, ई जनकारी लखनऊ मंडल क मंडल रेल प्रबंधक सचिन्द्र मोहन शर्मा हमारे संवादाता क दिहलें।

**सत्ताइस तारीख से ही नौ तारीख तक स्पेशल चल रही हैं। पहले दीवाली और फिर छठ के लिए जो स्पेशलस हैं। वो चल रही हैं बिहार माउंट्स स्पेशलस है काफी अगर मैं लखनऊ मण्डल की बात करू तो आज की तारीख में हमारे यहां करीब 50 स्पेशल ट्रेनस हैं। जो लखनऊ मंडल के एक्रोस चल रही है और इसमें काफी सारी बिहार की तरफ हैं और नही तो गोरखपुर डाईरेक्शन के लिए हैं और ये ज्यादातर नई दिल्ली से आनंद बिहार, अमृतसर, जम्मू, लखनऊ इस साइड से आ रही है। कुछ तो गुजरात से गोरखपुर और मुम्बई से गोरखपुर की तरफ भी जा रही है।**

**********

बलिया जिला क स्थापना दिवस के उपलक्ष्य में पछिला अट्ठाईस अक्टूबर से आयोजित पांच दिन्न ले चले वाला बलिया महोत्सव क आजु भव्य समापन भइल। आखिरी दिन्ने समापन कार्यक्रम में पहुंचल दिल्ली क सांसद मनोज तिवारी अपने लोकगीतन क प्रस्तुति से लोगिन के मंत्रमुग्ध कई दिहलें। येह मौका पर प्रदेस सरकार क परिवहन मंत्री दयाशंकर सिंह मौजूद रहलें।

**********

दीपावली के पंच परब क श्रृंखला में गोवर्धन पूजा अउर अन्नकूट क परब काल्हि से प्रदेस भर में सरधा भक्ति अउर हंसीखुसी के साथे मनावल जा रहलि हौ। येह तिउहार पर अजुओं कई जिलन में धरमिक आयोजन कइल जा रहल हौ। मथुरा के साथे सज्जो ब्रजमंडल में आजु गोवर्धन पूजा क धूम हौ। ओइजा क गोवर्धन पूजा में देसी अउर विदेसी हिस्सा ले रहलि हवे। मान्यता हौ कि भगवान श्रीकृष्ण इन्द्र क मान–मर्दन करे बदे गोवर्धन पर्वत के अपने अंगुरी पर उठवलें रहलें, तब्बे से ओइजा गोवर्धन पूजा क परंपरा चलि आ रहलि हौ। मथुरा क इस्कान मंदिरों में गोवर्धन पूजा अउर अन्नकूट मोहत्सव क भव्य आयोजन कइल गइल। अजोध्या में अन्नकूट महोत्सव के लेके विसेस उत्साह देखल गइल। ओइजा छप्पन तरियन क बिनजिन तइयार कइल गइल अउर भगवान श्रीराम के ओकर भोग लगावल गइल। अजोध्या में कनक भवन, हुनमान बाग, मणिराम क छावनी, रामबल्लभाकुंज के साथे सज्जो मंदिरन में अन्नकूट महोत्सव क आयोजन कइल गइल अउर भगवान श्रीराम के भोग लगा के परसादी बांटल गइल। वाराणसी, मुजफ्फरनगर, इटावा अउर मेरठो में गोवर्धन पूजा अउर अन्नकूट महोत्सव के सरधा के साथे मनावल गइले क खबरि हौ।

**********

लखनऊ में आजु जमघट क परब धूमधाम से मनावल जा रहल हौ। प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु लखनऊ क चौक क्षेत्र में आयोजित प्रतियोगिता में हिस्सा लिहलें। उहां के पतंग उड़ा के प्रदेसवासियन के जमघट परब क बधाई दिहलीं। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रदेस सरकार पारंपरिक त्योहारन के संरक्षित करे अउर बढ़ावा देवे क कार कै रहलि हौ।

**********